

Kisa ki ap pase si mwen sispann peye pansyon alimantè timoun lan?

Sonje, pansyon alimantè timoun lan se pou bay timoun ou an sipò finansye. Si ou sispann peye, timoun ou an kapab soufri. Si ou pa rive peye tout oswa yon pati nan kantite kòb ke ou dwe a, ajans pansyon alimantè timoun lan pral pran mezi pou mete an vigè yo pou kolekte kòb la.

Kèk mezi koleksyon yo enkli:

- Sispann lisans chofè ou;
- Pran ranbousman enpo ou yo;
- Konfiske kont bankè ou;
- Refize paspò ou; epi
- Pran resèt lotri ou yo.

Ajans pansyon alimantè timoun lan ap enfòmè tou ajans k'ap rapòte kredi yo konsènan dèt ou yo.

Pou kapab kolekte kòb ou dwe an, tribinal familyal la kapab tou pran mezi pou mete an vigè yo kont ou tankou:

- Bay jijman finansye yo;
- Sispann lisans biznis, pwofesyonèl oswa travay ke eta a ba ou yo; epi
- Bay vèdik apwouvasyon oswa prizon.



Si Lavi Ka Chanje, Pansyon Alimantè Timoun ou an Ka Chanje Tou

Kisa ki ap pase si mwen pa kapab rann mwen nan odyans mwen an?

Si ou mande, tribinal familyal la kapab pèmèt ou aparèt nan yon odyans apati temwanyaj elektwonik (sa vle di pa telefòn). Temwanyaj elektwonik se pou lè:

- Ou pa abite nan peyi an, eta a, oswa tou pre konte kote y'ap òganize odyans lan.
- Vwayaje kapab koze difikilte eksesif.
- Ou nan prizon.

Ou dwe konplete fòmilè 4-24/5-16/UIFSA-10 Tribinal Familyal (Family Court), *Aplikasyon Temwanyaj Elektwonik ak Abandon Aparans Pèsonèl/Prezans Fizik* (Electronic Testimony Application and Waiver of Personal Appearance/ Physical Presence) pou mande pèmisyon pou temwanye pa telefòn. Ou ta dwe soumèt fòmilè sa lè ou ranpli petisyon modifikasyon ou an.

childsupport.ny.gov
888-208-4485 (TTY 866-875-9975)



Office of Temporary
and Disability Assistance

otda.ny.gov

Pub-4960-HA (Rev. 10/16)



Yon Gid Pou Paran Ki Pa
Gadyen yo K'ap Peye Pansyon
Alimantè Timoun

Èske ajans pansyon alimantè timoun lan ka chanje montan ke mwen dwe a?

Non, se sèlman tribinal familyal, baze sou yon petisyon pou modifikasyon, ki kapab chanje kantite kòb ke ou dwe peye pou pansyon alimantè timoun. Si ou te eksperimente yon chanjman nan yon sikonstans, tankou yon chanjman nan gadri, revni, oswa abilite pou travay, ou dwe ranpli yon petisyon modifikasyon ak tribinal familyal la.

Kilè mwen ap ka kalifye pou yon modifikasyon?

Ou kapab kalifye pou yon modifikasyon pou òdonans pansyon alimantè timoun Eta New York ou an si:

- Toulède revni brit pati yo te ogmante oswa diminye de 15% oswa pi plis;
- Twa ane oubyen pi plis te pase depi lè yo te aplike òdonans lan oswa modifye li;
- Gadri timoun ou an chanje;
- Timoun ou an te emansipe legalman. Pa ekzanp, li ap travay a tan konplè, li rejwenn militè yo, oswa li marye; oswa
- Yo vin mete ou nan prizon, toutotan anprizònman an se pa akòz ou pa peye pansyon alimantè timoun lan oswa yon enfraksyon kont paran gadyen an oswa timoun lan.

Kilè mwen ta dwe ranpli yon petisyon modifikasyon?

Ou ta dwe ranpli yon petisyon modifikasyon menm moman depi sikonstans ou yo chanje. Si tribinal familyal la apwouve yon modifikasyon, yo kapab sèlman chanje kantite kòb ke ou dwe apati dat lè ou te ranpli petisyon an.



Kijan pou mwen ranpli yon petisyon modifikasyon?

Genyen divès fasyon ou ka ranpli li:

- Ale nan tribinal familyal kote yo te bay òdonans tribinal la epi konplete yon fòmilè *Petisyon Sipò pou Modifikasyon* (Support Petition for Modification form) (ke yo konnen tou sou non Fòmilè 4-11).
- Rele tribinal familyal la kote yo te bay òdonans pansyon alimantè timoun ou an epi mande yo pou yo voye fòmilè *Petisyon Sipò pou Modifikasyon* ba ou. Konplete fòmilè a epi voye li tounen.
- Ale sou paj Fòmilè DIY yo sou sitwèb Biwo Administrasyon Tribinal la (Office of Court Administration) nan www.nycourts.gov/CourtHelp/DIY/
 - Anba Pwogram klike sou **Pwogram Petisyon Modifikasyon Sipò** (Support Modification Petition Program); epi
 - Swiv enstwiksyon yo.

Aprè tribinal familyal kote yo te bay òdonans pansyon alimantè timoun ou an resevwa fòmilè ou an, yo pral pwograme yon dat pou odyans, epi yo pral enfòme ou de dat la pa kourye.

Ki enfòmasyon mwen ta dwe pote nan odyans tribinal mwen an?

Ou pral bezwen pote dokiman sa yo nan tribinal la:

- Yon deklarasyon alekri finansye ki siyen epi ki sètifye pa yon notè.
- Souch pèman resan yo (oswa souch chèk chomaj yo).
- Fòmilè deklarasyon enpo revni federal ak Eta yo ki pi resan an.
- Fòmilè W-2 ki soumèt ak deklarasyon enpo ki pi resan ou an.
- Papyè oswa enfòmasyon gadri yo pou kapab pwouve ke ou se gadyen timoun lan si ou ap reklame yon chanjman nan gadri an.
- Enfòmasyon pou kapab pwouve reklamasyon ou an ke timoun lan fin emansipe, si ou reklame sa.

Si ou ap parèt apati temwanyaj pa telefonik, ou pral bezwen voye dokiman yo pa kourye oubyen pa faks bay tribinal familyal la anvan odyans lan.

